



Moun k ap resevwa DACA ak DREAMers Yo

EGZIJANS PWOGGRAM NAN

- Ou gen diplòm ou nan yon enstitisyon edikasyon siperyè akredite Ozetazini.
- Ou gen yon òf travay nan men yon anplwayè Ameriken nan yon domèn ki gen rapò ak diplòm ou.

DOKIMAN W AP BEZWEN



- **Kopi relve nòt ou**
- **Kopi diplòm ou te resevwa**
- **Prèv Idantite:** Lisans Chofè Eta a oswa Konte a, Sètifikasi Nesans (Batistè) ak Idantifikasyon Foto, Paspò Valab, oswa nenpòt lòt idantifikasyon gouvènman bay ki gen foto w, non, ak dat nesans ou (yo ka aksepte dokiman ki ekspire)
- **Dokiman imigrasyon ou ka deja genyen**
 - Kopi aplikasyon yo,
 - Kopi resi ak avi apwobasyon yo,
 - Prèv antre Ozetazini,
 - Nenpòt viza ki te bay sou non ou (ke li valid oswa ekspire)



1-800-354-0365

Jwenn èd legal lè w rele Liy Dirèk pou sèvis Legal
Imigrasyon MOIA a.

*Depliyan sa a gen enfòmasyon, pa konsèy legal. Nenpòt moun ki bezwen konsèy legal ta dwe konsilte ak yon avoka ki gen lisans.